



Pou Piblikasyon Imedya: 15/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE RÈGLEMAN POU BAY ENTÈNÈT RAPID AVÈK RABÈ POU NOUYÒKÈ KI GEN REVNI BA YO

Charter Communications pral ofri pwogram entènèt rapid pou 15 dola chak mwa

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) Eta New York la te rive jwenn yon akò ak Charter Communications, Inc., konpayi paran founisè entènèt rapid Spectrum, ki opere nan 58 sou 62 konte nan Eta New York, ki egzije konpayi kominikasyon an pou bay kliyan ki gen revni ba yo sèvis entènèt rapid ak rabè nan Pwogram Nasyonal Manje Midi nan Lekòl Gratis oswa pou resevwa benefis Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income, SSI).

"Administrasyon mwen an te fèm nan angajman li pou elaji sèvis entènèt pou tout Nouyòkè yo, epi règleman sa a benefisye dirèkteman plizyè milye fanmi New York ki gen revni ba," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Entènèt rapid enpòtan anpil pou mennen kwasans ekonomik ak opòtinite pou tout sitwayen nou yo, epi n ap kontinye efò nou pou bay aksè a entènèt rapid atravè eta a."

Jodi a, PSC apwouve yon règleman ranfòsman ak Charter, pi gwo founisè kab nan Eta a. Yon lòd fizyon pi bonè te gen yon kantite kondisyon enterè piblik ki ka ranfòse, ki gen ladan yon kondisyon pou Charter ofri yon pwogram entènèt rapid pou moun revni ba avèk vitès pou telechaje ki omwen 30 Megabit pa segonn (Megabits per second, Mbps) pou 14.99 dola chak mwa. DPS te di Charter te ogmante pri pwogram entènèt rapid li pou moun ki gen revni ba yo nan 24.99 dola/mwa pou yon vitès ki pi wo a 50 Mbps san apwobasyon Komisyon an, an vyolasyon lòd fizyon 2016 la. Konpayi an te konteste akizasyon yo.

Règleman an pral mande pou Charter redefini pwogram nan a 15 dola/mwa pou 50 Mbps vitès pou telechaje pandan kat ane pou Nouyòkè ki nan Pwogram Nasyonal Manje Midi Gratis nan lekòl la oswa k ap resevwa benefis SSI. Pandan dezyèm ane jiska katriyèm ane pwogram nan, Charter pa ka ogmante pri a plis pase to enflasyon an jan Endis Pri Konsomasyon (Bureau of Labor Statistics, BLS) Biwo Estatistik Travay la mezire apati dezyèm ane pwogram nan.

Prezidan PSC a Rory M. Christian te deklare, "Litij kontinyèl yo te retade aplikasyon Lwa Eta a sou Entènèt Rapid nan Pri Abòdab, epi Pwogram federal Koneksyon nan Pri

Abòdab (Affordable Connectivity Program, ACP) la te ekspire. Sèl egzijans entènèt rapid pou moun ki gen revni ba ki egziste kounye a nan New York se kondisyon pwogram pou revni ba yo nan lòd PSC ki apwouve sèten fizyon. Lè PSC apwouve règleman sa a, PSC a pral mete disponib entènèt rapid nan pri abòdab pou Nouyòkè ki elijib yo nan teritwa sèvis Charter a pandan y ap rezoud litij la epi/oswa retabli finansman federal pou ACP oswa yo klarifye règleman federal pou entènèt rapid."

Senatè Eta, Roxanne Persaud, te deklare, "Anons Gouvènè Kathy Hochul la make yon etap enpòtan pou asire ke tout Nouyòkè yo gen aksè a sèvis entènèt rapid nan pri abòdab. Sa a mete aksan sou angajman nou pou elimine mank nan aksè ak sèvis dijital la ak sipòte fanmi ki gen revni ba lè nou bay aksè entènèt fyab. Nan yon mond kote koneksyon esansyèl, inisyativ sa a pral bay kominote nou yo otonomi ak amelyore opòtinite pou moun ki nan bezwen yo."

Senatè Eta Kristen Gonzalez te deklare, "Antanke yon defansè aksè entènèt pou tout moun depi lontan, mwen byen kontan wè règleman sa a, ki pral kenbe tarif entènèt yo nan pri abòdab pou plizyè milye Nouyòkè ki gen revni ba. Mwen remèsye Gouvènè a ak SPC pou angajman yo nan rann aksè ak entènèt aksesib pou tout moun."

Manm Asanble, Andrew Hevesi, te deklare, "Genyen koneksyon entènèt rapid ki fyab, aksesib ak nan pri abòdab se yon bagay ki enpòtan anpil nan monn jodi a. Mwen rekonesan anvè Gouvènè a pou aksyon li nan asire Nouyòkè ki gen revni ba yo gen aksè sa a nan pri ki abòdab."

Manm Asanble Angelo Santabarbara te deklare, "Elaji aksè a entènèt rapid se yon etap enpòtan pou asire ke tout Nouyòkè, kèlkeswa revni yo, gen opòtinite yo bezwen pou yo reyisi nan mond dijital jodi a. Règleman sa a ak Charter Communications enpòtan pou fanmi ki gen revni ba, sitou sa ki depann de entènèt pou edikasyon, swen sante ak opòtinite travay. Lè nou bay entènèt bon mache, n ap rann li posib pou plis fanmi rete konekte epi jwenn aksè nan resous yo bezwen pou yo pwospere. Mwen fyè pou m sipòte inisyativ tankou sa a ki travay pou konble mank ki genyen nan aksè ak sèvis dijital yo epi kreye yon avni ki pi ekitab pou tout Nouyòkè yo."

Manm Asanble, Clyde Vanel, te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Hochul pou angajman inebranlab li pou l konble diferans ekonomik la ak konble mank nan aksè ak sèvis dijital pou Nouyòkè ki gen revni ba yo. Nan sosyete ak ekonomi ki de pli zan pli sou entènèt jodi a, li enpòtan pou chak Nouyòkè gen opòtinite pou yo patisipe totalman. Règleman sa a montre angajman Gouvènè a pou l sekirize yon entènèt gwo vitès ki abòdab, aksesib ak bon jan kalite pou tout moun."

Manm Asanble Maritza Davila te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul, Komisyon Sèvis Piblik ak Charter Communications pou efò kolaborasyon yo nan lanse pwogram enpòtan sa a pou bay 15 dola sèvis entènèt bay fanmi ki gen revni ba atravè New York. Aksè nan entènèt se pa sèlman yon liks men yon nesosite, sitou pou jèn fanmi yo. Nan epòk dijital jodi a, entènèt se yon zouti enpòtan pou edikasyon, travay, ak aksè nan sèvis esansyèl yo. Pwogram sa a pral ede asire ke timoun nou yo ka kontinye

etid yo, ke paran yo ka chèche ak kenbe travay, e ke fanmi yo rete konekte ak resous yo bezwen pou yo pwospere. Mèsi dèske nou rekonèt enpòtans enklizyon dijital la epi paske nou te pran mezi enpòtan sa a nan direksyon pou elimine mank nan aksè ak sèvis dijital yo nan kominote nou yo."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)